



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/20/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON PWOJÈ \$8.5 MILYON DOLA POU AMELYORE SEKIRITE SOU OCEAN PARKWAY

Travay la ap amelyore sekirite pyeton ak siklis ak mobilite

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke travay ankou sou yon pwojè \$8.5 milyon pou amelyore sekirite ak mobilite pyeton ak siklis sou Ocean Parkway nan Brooklyn, ant Prospect Expressway ak Shore (Belt) Parkway.

“Kreye yon Ocean Parkway ki pi ansekirite ap benefik pou katye ak fanmi yo toupatou nan Brooklyn – e finalman lap ede sove lavi,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Chak jou, preske 45,000 veyikil ak plizyè milye siklis ak pyeton konte sou Ocean Parkway. Yo merite yon wout ki desine ak konstwi ansekirite, e pwojè sa ap asire yon wout ki pi ansekirite pou tout moun.”

Komisyonè Depatman Transpò Matthew Driscoll te deklare, “Gouvènè Cuomo te rekonèt kijan pwojè transpòtasyon tankou sa ka amelyore kalite lavi nan kominote nou yo. Amelyorasyon sa yo ap bay tout itilizatè yo yon opòtinite pou pataje wout la nan fason responsab epi rive nan destinasyon yo an sekirite.”

Karakteristik sekirite pwojè a gen ladan:

- Aplike pa-gen viraj a goch apati wout sèvis la nan 9 entèseksyon: Avenue C, Cortelyou Road, Ditmas Avenue, 18th Avenue, Avenue I, Avenue J, Avenue P, Kings Highway ak Avenue U.
- Ranplase sis siy stop avèk siyal trafik sou wout sèvis nan lokasyon ki annaprè yo: Avenue C, 18^{yèm} Avenue, Bay Parkway, Avenue J, Avenue P ak Kings Highway. Rekonstwi 177 ranp pou pyeton, enkli nan zòn gwo frekantasyon ki annaprè yo: Avenue C, Cortelyou, Ditmas Avenue, 18^{yèm} Avenue, Avenue I, Bay Parkway, Avenue J, Avenue P, Kings Highway, ak Avenue U. Ranp yo ap an konfòmite avèk Lwa sou Ameriken ki gen Andikap.
- Enstale 159 siyal dekont pyeton nan zòn gwo frekantasyon ki annaprè yo: Avenue C, Cortelyou Road, Ditmas Avenue, 18^{yèm} Avenue, Avenue I, Avenue J, Avenue P, Kings Highway ak Avenue U.
- Enstale siy ki montre vitès nan zòn ki annaprè yo nan chak direksyon, pou yon total de sis siy: ant Avenue F ak Ditmas Avenue, ant Elwood Avenue ak Avenue H, e nan Avenue K.

- Renove mak yo sou wout la epi enstale pasaj ki gen wo vizibilite nan zòn gwo frekantasyon ki annaprè yo: Avenue C, Cortelyou Road, Ditmas Avenue, 18^{yèm} Avenue, Avenue I, Avenue J, Avenue P, Kings Highway ak Avenue U.
- Renove siy sikilasyon nan zòn gwo frekantasyon ki annaprè yo: Avenue C, Cortelyou Road, Ditmas Avenue, 18^{yèm} Avenue, Avenue I, Avenue J, Avenue P, Kings Highway ak Avenue U.

Konstriksiyon an prevwa pou l fini nan otòn 2017.

Senatè Charles E. Schumer te deklare, “Ocean Parkway se yon koulwa an emwòd ki se yon pati esansyèl pou anpil katye Brooklyn e plizyè milyon dola nan finansman federal se senpleman sa doktè a te òdone pou fè chemen enpòtan sa vin pi ansekirite ak pi konvenyan pou pyeton, moun kap kouri ak siklis yo.”

Depite Yvette D. Clarke te deklare, “Devlope ak kenbe enfrastrikti enpòtan pou soutni kwasans kontinyèl ak devlopman Vil New York. Resan alokasyon 8.5 milyon dola Depatman Transpòtasyon Eta New York pou amelyore mobilite chofè, pyeton ak siklis ansanm avèk sekirite sou Ocean Parkway a se yon etap nan bon direksyon an. Antanke yon gwo atè nan Brooklyn, Ocean Parkway sèvi plizyè milye rezidan Brooklyn chak jou. Enstalasyon siy trafik pou pyeton, siy ki montre vitès, ranp, ansanm avèk lòt renovasyon ki nesèsè ki pral fè vwayaj vin pi ansekirite pou tout moun e mwen aplodi administrasyon Cuomo ansanm avèk NYSDOT paske yo te fè pwojè a vini yon priyorite.”

Senatè Eta Martin J. Golden te deklare, “Ocean Parkway se yon vwa enpòtan pou sikilasyon trafik nan Sid Brooklyn. Kidonk, mwen vle remèsye Gouvènè Andrew Cuomo ak Depatman Transpòtasyon NYS paske yo te fè pwojè plan amelyorasyon a plizyè faz la ale delavan pou Ocean Parkway. Mwen gen konfyans ke pwojè sa ap amelyore tan vwayaj epi soulaje konjesyon sou wout prensipal sa a.”

Senatè Eta Simcha Felder te deklare, “Pa gen anyen ki pi enpòtan pase pou adrese pwoblèm sekirite, kidonk kòmansman pwojè konstriksiyon ki pi nesèsè sa sou Ocean Parkway se bòn nouvèl. Distri nou an ap rete tann pou yo retounen nan vitès limit 35 kilomèt alè sou Ocean Parkway. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske yo te bay swit a pwojè sa, sa ki pral amelyore sekirite ak mobilite pou rezidan nou yo.”

Senatè Eta Diane J. Savino te deklare, “Mwen kontan paske Depatman Transpò Eta te tande preyoqipasyon yo, e li te travay avèk otorite eli yo ansanm avèk Konsèy Kominotè yo pou amelyore sekirite piblik ak sekirite trafik sou Ocean Parkway. Plis pase yon wout, se yon ekstansyon ke kominote yo nan Brooklyn travèse anpil.”

Manm Asanble Steven Cymbrowitz te deklare, “Avèk konsepsyon inik li ki enspire pa boulva frankil Paris nan mitan ane 1800 yo, Ocean Parkway pat janm gen entansyon pou l yon vwa eksprès. Pwojè sa ke nou tap rete tann depi lontan ap non sèlman akonpli objektif pou fè wout la vin pi ansekirite ak pi fasil pou veyikil yo, men li pral pèmèt pyeton yo mache tou, chita sou ban epi travèse lari a san danje. Sa a se yon dwa, se pa yon liks, e sa se bagay ke inisyativ sa pral finalman rann posib.”

Manm Asanble Dov Hikind te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou sipò kontinyèl li nan gwo inisyativ sa. Mwen kontan paske m fè pati nan pwojè sa ki pral amelyore grandman sekirite pyeton ak sikilasyon sou Ocean Parkway.”

Kontraktè pou pwojè sa se Tully Construction Co Inc. nan Flushing, New York.

Nan yon kontra separe pou apeprè \$6.7 milyon, sa yo prevwa bibliye pou demann òf nan Desanm 2016, NYSDOT ap refè sifas la avèk asfalt epi enstale nouvo mak sou wout la nan Ocean Parkway ant Prospect Expressway ak Shore (Belt) Parkway.

Pou jwenn enfòmasyon sou vwayaj nan tan reyèl, rele 511 oubyen vizite www.511NY.org. Swiv DOT Eta New York sou Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT). Jwenn nou nan Facebook nan facebook.com/NYS DOT.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418